




Nyoka, Murimi neNyarupani

NGANO YECHINYAKARE






Million word gap project

Children whose parents read to them have heard 30 million more words before they start school. Help your children prepare for school.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

Illustrated by
Robyn van Zijl




Translated by
Elsa Tariro Wadi

Kare kare, kune muwe musha uri kure,
mumwe murimi akaswera achishanda
mumunda. Kwakadoka, kwakatanga
kutonhorera, murimi ndokufamba
akananga kumba munzira yemavhu.
Akasangana nenyoka ichidedera
nekutonhorwa nechando.



Nyoka, isina simba uye ichidedera yakatarisa murimi ndokukumbira, “murimi ane tsitsi, ndibatsireiwo. Ndokumbirawo kumbozozrora mudumbu menyu ndiwane simba. Ndinovimbisa handimbokukuvadzai.”

Murimi netsiye dzake nyoro, akanzwira nyoka iyi tsitsi. Akashama ndokutendera nyoka kuti ipinde mukati umo yakanogonya mudumbu make maidziya yakachengetedzeka.



Nyoka iye yakazorora, simba rayo ndokudzoka. Murimi paakati ichibuda, nyoka iye ngairambe.

Akabatwa nekutya, murimi akanotsvaga rubatsiro kune nyarupani, shiri yakangwara yaigara pedyo ne rwizi.



Nyarupani yakanyatsoterera nyaya yamurimi. Sezvo yaive chisikwa chaizivikwanwa nehuchenjeri; shiri yakabvuma kubatsira. Yakanyudza muromo wayo wakareba zvinyoro nyoro nemukanwa memurimi ndokuzvomora nyoka ndokuikandira panze isati yairuma.




Murimi akatenda nyarupani nekumubatsira, asi pane chaimushungurudza. Mudumbu make mainge musina kudzikama sekunge nyoka yaive yasiya muchetura imomo. Sezvo shiri yaive yakachenjera yakaudza murimi kuti adye nyama chena kuti azvichenese.



Murimi paaifunga nezvazvo akaona kuti nyarupani aive wenyama chena. Maziso ake akavaima nepfungwa dzainge dzamubata. Akabata shiri iyi ndokuiisa musaga ndokumhanya kumba achironga kunoibika manheru.

Murimi paakasvika kumba akaudzwa mudzimai wake zvese zvainge zvaitika. Mudzimai wake aive nemoyo wakanaka saka akashungurudzika nezvainge zvaitwa nemurume wake. Aiziva kutu shiri yainge yamubatsira nekuda kwetsitsi. Akanzwira shiri iyi hurombo ndokuronga kuisunungura.

Pakavhura mai murimi saga kuti vabudise nyarupani yakabva yabhururuka nekuvhunduka. Nechimbichimbi yakajobora maziso ake zvekumabvisa isati yabhururuka ichitiza husiku



Mwongo wenyaya

Nyaya yenyoka, murimi ne shiri ine dzidziso mbiri dzakakosha.

Chekutanga inotidzidzisa kuti tsiye nyoro hadziwanze kuuya kwatiri semapiro atinoita. Sekuyerera kunoita mvura ichidzika tsiye nyoro dzinoramba dzichienderera, dzichibatsira vamwe asi dzinogona kusadzoka kwatiri. Ngatisanyanye kutarisira kubhadharwa kuve netsiye nyoro asi angatingoitei sekudaro nekuti chinhu chakanaka.

Nyaya iyi inotidzidziszve kuti tsiye nyoro hadziwanze kudzoswa kwatiri, dzimwe nguva tinogona kukuvadzwa.

Tsitsi dzemurimi Mwedzi unyoke dzakabhadharwa nekupandukirwa. Uye tsitsi dzamai murimi kushiri mukuedza kuisunungura vakakuvadzwa zvinorwadza.

Muhupenyu tinogona kuita tsiye nyoro asi panzvimbo pekutendwa tinogona kusangana nenguva yakaoma kana kurwadziswa. Kunyangwe zvakadaro tinofanira kuyeuka kuve netsiye nyoro nekuti utorowo mubhadharo pachezvawo nyangwe dzisingazodzoke nenzara dzatinotarisira